Nomer 30 Salasa 24 Januari 1928 ( 1 Roewah 1346 ) Taoen ka 4

Pembantoe sareng agen:
Priangan koelon Bestuur Pasoendan Bogor.
di Tjiandjoer Bestuur Pasoendan Tjiandjoer.
Priangan tengah H. B. Pasoendan Bandoeng

# SIPATAHOENAN

Soerat Kabar Minggoean dikaloearkeun koe Tjabang Pasoendan Tasikmalaja.

Ditjitak di Drukkerij Soekapoera Tasikmalaja.

Pembantoe sareng agen:
Priangan wetan Pestuur Pasoendan Tjiamis.
Djawa wetan Bestuur Tjabang Pasoendan. Soerabaja.

Redaktoer: SOETISNA SENDJAJA ATMAWINATA
Redaktoer di Batawi SOERIADIRADJA.

KARANGAN adresna ka REDACTIE Heerenstraat 31.
POSTWISSEL sareng serat noe sanes deui ka ADMINISTRATIE Tjimoeloeweg No. 12 Tasikmalaja.

LANGGANAN. 3 sasih . . . . f 1,50 Dibajar tipajoen. Salambar 15 sen.

Pangaos ADVERTENTIE:
1/16 katja f 2,50 } Sakali moeat
1/32 „ f 1,50 } dibajar ti pajoen
Langganan langkoeng mirah.

## Mariksa kas oemoem.

Tjeuk noe njarita: Sakoer ambtenaar noe koedoe mariksa kas oemoem aja katangtoean noe anjar noe koedoe didjalankeun.

Art. 8, pasal ka 1 djadi kieu:

Inspecteur mimiti ngaboektikeun sabaraha ajana doeit nagara djeung naon noe berharga, sarta dipiangna di hareupeun noe njangking; noe ka asoep kana noe berharga teh njaeta zelfbesturende landschappen anoe make doeit sorangan, Inl. gemeenten, (desa), plaatselijke instelling (pagoejoeban noe aja di tempat eta djeung koempoelan - koempoelan anoe boga rechtspersoon) rechtsgemeenschappen atawa kaoem partikoelir anoe aja tee kangna njangking doeitna.

Geus kitoe Inspecteur teh mariksa ka noe njangking doeit teh, saperti naon (pangkat naon) ti eta vereeniging, mariksa hal administratie djeung boekoe-boekoe djeung katerangan katrangan noe patali djeung administratie.

Kana ieu artikel ditambah deui, anoe kieu pokna:

Moen aja doeit leuwih, eta leuwih tea diasoepkeun kana panarimaan bae, kadjaba moen bisa netelakeun jen eta doeit leuwih teh doeitna noe njangking kas kalawan kasaksi noe goeh katranganana koe I...

Diantara pasal ka doea djeung ka tiloe dina art. 10 diasoepkeun doea pasal noe kieu oenina:

Dina laporan (proces verbaal) koedoe diseboetkeun titimangsa pamariksaan noe pangpandeurna. kitoe deui koemaha ngampihanana doeit, noe djadi tanggoenganana noe njangking.

Lamoen dina waktoe dipariksa, kaajaan sesa doeit dina kas djeung dina boekoe teu tjotjog, lantaran noe njangking doeit teu njieun kasboek atawa sabab noe sedjen, Inspecteur njieun laporan, kalawan make katerangan jen bisa njieun tjatetan (boeksaldo) sarta diseboetkeun sabaraha noe koedoe ditjatet waktoe dipariksa.

Moen noe njangking doeit nerangkeun, jen teu doeit dina kas, eta oge diseboetkeun dina proces-verbaal.

Dina palanggeran tea diseboet, jen atoeran njieun djeung ngatoerna pikeun algemeenkasboek pikeun pagawe nagara „ditetepkeun noeroetkeun bisloeit tg. 27 Maart 1925 no. 26 (Bijblad op het staatsblad No. 10774) dirobah djeung ditambahan.

§ 1 ditambahan omongan kieu:

Ieu tjatetan didjieun samemeh diasoepkeun kana boekoe gede djeung register sedjen.

§ 16 oenina kieu:

Oepama noe njangking doeit ngaragoem djeung njimpen doeit tina bawahanana noe ngadjalankeun doeit sorangan, desa, pagoejoeban noe aja di tempat eta at. pagoejoeban noe aja rechtspersoon **atawa partikoelir anoe digawekeun ka dinja**, eta doeit noe katarima teh koedoe ditjatet dina kas boek, kadjaba moen aja palanggeran noe nangtoekeun jen koedoe make kasboek sarta ngadjalankeunana noeroetkeun eta palanggeran tea.

* * *

Sakitoe tah, tambahna atoeran algemeene Kasinspectie". Tjotjog! Poegoeh, enja. koedoe imeut taliti. miudeng ngalanglangan da . . . . . . maloemlah ari doeit tea kapan amis.

Djeung asa leuwih aloes, oepama doeit pagoejoeban-pagoejoeban noe ditjangking koe pagawe goeperemen koe karana kapangkatanana (ambtshalve) dititenan bener-bener sarta hade na pisan mah heug aja kabarna dina soerat-soerat kabar, oelah bleng leees bae. Sahareunna da meureun baraja ngeun njaho Sabaraha noe katampa di mana diteundeunna, aja sabaraha oeang kontan, di mana sawareh deui dipake naon — djeung djaba ti eta.

Oelah nepi ka kadjadian, njaho-njaho geus kebek, digarogot . . . . djoeroetoelis. Tjarita di Garoet. Bedjana Dessa **schoolfonds** „diples" koe mas Oelis f 1000. bari djitjir.

Kitoe deui **Passardessafondsna** koe djrg. Pasaropzienerna „dikabim" deui . . . . . f 2500, tjenah.

Malah koe lantaran djrg. Pasaropsiner barajana hidji Boepati (oe.f m) meureun perkarana ge di Raad Joestisi.

Oepama fonds-fonds tea koedoe dipasrahkeun (saperti dessaschoolfonds. passardessafonds), oelah ka Boepati tapi ka rengrengan koemetir.

Lain teu pertjaja ka Boepati, tapi kitoe katiasaanana bae, djaman kiwari mah.

Kitoe deui ieu man ngan pikiran

**Wong dessa.**

## „Volksraad".

I

Aden Satjamanggala sasaoeran ka Haen: „Haen, edas eta mah di ... instja dina Verslagna tina soerat kabar. Rea menak menak anoe dipoetestel koe elid-elid kpetoe ditambahan gadjihna."

Haen marahmaj: „Ngiring bingah."

Den Satja teh kampi en maen bola, sasaoeran deui: „Is ari Haen, effectna Haen; engke ana karambol, Haen sorangan noe majar parte. Hartina: Haen koedoe nambahan deui majar padjeg."

Haen mere goet: „Lah, Aden, ajeuna ge geus asa kapengek koe padjeg teh. Tjing atoeh koemaha saena?"

Aden: „Ari pihadeeunana mah djigana tatandinganana noe koedoe teuer pisan teh. oelah balabah ka sawareh. Djeung koedoe ditimbang kana kakoeatan noe malajar padjeg deui, oelah oelin di loehoer bae, ari noe di handap (si leutik) teu kakotektak."

Haen: „Ampoen! Salaris komisi!

Dina najaarzitting di Volksraad teu kiuten ramena koe noe midangkeun pamendakna, malah sanes perkawis oemoem bae, perkelakan pikeun sasoranganeun (persoonlijk) oge seueur noe didadarkeun koe elid-elid sapertos ti Soematra, Menado sareng ti Djawa.

Tina seueurna anoe kitoe, doegi ka Djoer. Voorzitter sasaoeran kieu: „Perkara anoe kitoe teu koedoe dibawa ka Volksraad, sabab didieu teh lain k l a c h t e n b e r e a u!"

„Aja hidji lid keukeuh neungterewaleng bae, sanadjan geus digeunggeureuhkeun kitoe oge. Meureun seueur noe njeratkeun anoe kitoe teh tjetjek botjek, taapi pikeun sim koering ka elid anoe kitoe b o e k a t o p i, moen bisa mah maui hajang propaganda soepaja kapilih deui. Sabab sagala perkara oge, boh hade boh goreng tara oedjoeg oedjoeg gede bae, tapi tina leutik heula, tjindekna oelah mokahaan. Geura oepama sing imeut mah ka-teu ngeunah si leutik teh sing nepi; bisa kanjahoan koe noe ti loehoer, nepi ka bisa kaomean, apan katengtreman nagara teh koedoe ninggang kana paribasa hoerip abdi waras goesti, nja temahna matak rahardja nagara.

Na koemaha ari Volksraad ajeuna?

Koe sim koering, pikeun oerang mah beunang diseboet „R a a d D a l e m", atawa R a a d M e n a k. Geura mangga tjontona: 2 leden Dalem, 1 Poetra Dalem, ti noe sedjen oge Lem Lem bae. Ti sarerang atoeh ngan beda titel, satali tiga oeang. Aja hidji doea asal kromo, tamba woedoe, kalah setem. Anoe laloehoer pangkatna, hiroepna, tjampoerna, kanjahona maen di loehoer bae lebah mana rek njahona kaajaan si leutik noe sadjati? Sim koering henteu toedoeh apoengan, boektina nepi ka kiwari ngan saeutik pisan anoe nepikeun katoegenahan si leutik.

Geura marangga papaj, koemaha dahanarna si leutik di lemboer-lemboer singkoer dina waktoe ngoejang, bandingkeun sareng laporan - laporan dienst.

Geura marangga papaj di desa desa pagoenoengan perkara boekaan tanah djeung tjap singana, djelemana akoerkeun

Koemaha dina waktoe mero?

Koemaha dina waktoe marak? Sareng seueur seueur deui.

Koe sabab eta pieugkeeun mah milih pelideun teh oelah anoe hiroep di loehoer koedoe milih anoe geus sakolah-sakolah djeung Marhaen.

Sabab oelah koe kakara Inl. meerderheid, dalah koe sakabeh Inlanders oge, ari Lem keneh, Lem keneh anoe ngawang-ngawang di loehoer hiroepna, soemawonna moen ditambahan koe P. E. B. mah, leuwih hade euweuh raad, soegan ngoerangan sawat ra . . . . X f 30 + . . . X Gedelegeerde.

**Wiking.**

## Congres Pasoendan di Garoet.

(Samboengan)

**Wakil Soekaboemi.** Kirang leres oepami atji taneuh (gemoek) dikaloearkeun, tjeuk gegeden tatanen (Koens) di P. Djawa koedoe rea palawidja ditempat anoe pipareeun (sawaheun) oelah ditiwoean.

**Wakil Bandoeng.** Pare di Pasoendan teu tjoekoep, komo dipelakan tiwoe, mangkaning tanah noe geus aloes teh pasawahan.

Dina Congres Pasoendan di Tjiandjoer geus njoehoenkeun soepaja erfpacht noe geus beak kontractna disewakeun, oelah disewakeun deui, ang goer hoemaan atawa sawahan.

Tanah mamoer njaeta tanah noe teu aja kebon tiwoe.

**W. Paroeng.** noehoen ka noe geus nerangkeun hal tiwoe, ti Paroeng teu **panoedjoe**, tolak sing keras. bangsa oerang diolo teu koeat sabab aja ka djadian pedah di oerang perloe boga beas, diolo (ditoekeuran) dipere beas (di tanah partikoelir. Sing asak keur nolak soepaja oelah aja eta bahaja.

**Djoer. Adimihardja.** patani di oerang lain noedjoe hiroep hajang loebak libeh, tapi hiroep rahajoe, tanah (sawahna) koedoe roemaket djeung noe boganna koedoe njaah, moen disewakeun tangtoe koerang njaah, (saroea bae sina teu njaah ka lemah tjai verslaggever.)

**Wakil Batawi.** (Djoeragan A. Soeardi) Pasoendan angen-angenna hajang boga pakasaban anoe galede (grootbedrijf) noe oerang Soenda, saperti Marhaen & Co. Dadap maatschappij, Waroe compagnie. moen tanah oerang di pake koe deungeun tolak sing keras oerang teh keur madjoe, engke ari geus madjoe, geus palinter, ari tanah euweuh, geus bisa dagang (handel) teu boga modal.

Njaho naon effecten, naon noe didagangkeun, toengtoengna njaho epek dina medja bola.

Di Indramajoe waktoe diolo, malah ditantoe koe kapala bangsa oerang, sina propaganda ka desa-desa, madjar matak soegih moen disewakeun ka kebon tiwoe, aja noe ngadjawab, moen enja ge matak mamoer, oerang Ardjawinangoen anoe rea kebon tiwoe na, moal ngadon gatjong paboro-boro ka lebah Indramajoe?

Sanggeus kitoe **Congres** njieun **motie** noiak soepaja oelah aja deui asoep kebon tiwoe ka Pasoendan.

Djoer: M. ch. Enoch ngadadar tina hal dessaschoolfonds anoe geus dibientarakeun bareng djeung Tiwoe, anoe geus aja versiagna basa Walanda dina Langlajang Domas djeung b. Soenda dina Sip. njaeta congres Pasoendan ngan mifakatan jen eta fonds sanggeus dipasrahkeun koe A. R. lain ka noe djadi **Boepati** bae tapi ka Rengrengan Gecommitteerden Raad kaboepaten.

Oetoesan Tjiandjoer, Djoer. Wirasendjaja medar hal „anti woeker" (merangan lentah darat).

Ieu hal noe rek medar Djoer. Odjoh tapi koe lantaran andjeunna teu datang, Djoer. Wirasendjaja sakadar rek nerangkeun jen **economie** bangsa oerang anoe baheula mashoer teh, ajeuna mendeer katambah - tambah tjeuk propesser Treub hal economie djeung politiek oelah dipasrahkeun ka oerang priboemi,

Ka sangsaraan bangsa oerang. rata rata dina dahar oge geus sarakah, tapi kari diki. njoeh balas majaran hoetang katoetoeh saoetak - saeutik bisa ka „woeker" Loemboeng dessa toengtoengna (djeunana) koemaha, Pamarentah teu mengtoen.

Pakgade? Keur bangsa oerang mah toengtoengna lapoer, da lain noeloeng.

Barang harga f 10 ditaksir harga f 3! ahirna lapoer didjoeal koe Pakgade mah make bati.

Tapi ari tjaritana mah rek merangan woeker, noeloeng bangsa leutik.

Bisi teu dianggap ieu tjonto mangga hal Tjina mindring, bakating teu bisa majar bangsa oerang, aja noe diseblok tjai asak. diwoeran pedes, ditektrek hoentoe emasna, tampolana dipergasa nepi ka sakapeung mah nepi ka adjalna.

Sanadjan rajat noe disalahkeun, bongan les ka lentah darat, ngingetkeunana, mana noe gampang bae.

Hajang boga badjoe peruel, oepa mana, ngandjoek ka Tjina harga f 44 gampang, djangdji majar 11 boelan f 4, nepi kana waktoena teu bisa majar, digadekeun meunang f 20 toengtoengna **soerat pakgade** na didjoeal f 1.

Merangan lentah darat teh soesah ari hidji hidji mah tjindekna merangan lentah darat teh nja disalira koe andjeun.

Tjeuk toean Zentgraaf, bedjana loemboeng djeung bank desa saroea djeung mantoean kana woeker.

Satoetasna Djoer. Voorzitter nganoehoenkeun ka Djoer. Wirasendjaja sarta ka vergadering marios saha noe rek njarios.

**Wakil Tjiamis** njoehoenkeun soepaja bank lesa dileungitkeun, margi kadjadianana ngaroeksak.

Ngoeping wartos di Tjiamis bank desa bade digentos sanes bank minggoean tapi boelanan, eta oge njoehoenkeun ditjaboet bae.

**Djoer. Voorzitter** minggoean at. sasiban mah eta mah koemaha engke, oerang menta dirobah atoeranana bae.

**Wakil Tjiamis** tetep njoehoenkeun boelanan.

**Wakil Koeningan** Nerangkeun naon hartina „woeker" dina Islam, nja-

(*)

(*)

eta **riba** djadi koe agama dilarang soemawonna koe nagara. Di Koeningan nampi pangadjak ti Anti woeker—vereeniging di Bd. sarta dibatja, noe dimaksoed njaeta noeloengan anoe geus aja di tangan woeker, malah aja 120 djelema noe geus ditoeloengan, roepi roepi bangsa.

Noeloenganana nja eta 1 noe rek ngandjoek, ka 2 noe geus keuna, ka 3 noe diperkarakeun.

Tjontona diseboetan.

Akalna voorstelna ti Koeningan oerang ngajakeun bank pikeun noeloengan noe boetoeh,

Djaba ti eta ka H. B. Pasoendan njoehoenkeun soepaja ngabantoe ka eta Anti woeker vereeniging, kitoe deui hal Loemboeng, Bank desa, pakgade njoehoenkeun dilereskeun H. B. rempoeg, sarta marios bisi aja noe rek narambahan.

## Ti pipir hawoe.

*Kaajaan djaman tjatjing doea sadoeit.*

Koe radjinna karoehoen oerang, sok daek tjoetat-tjatet djaman harita, oerang bisa njaho kaajaanana djaman boehoen. Geura oepama *menak* kariaan, beda pisan atoeranana djeung ajeuna.

Noeroetkeun dagboekna—paririmbon—Karoehoen, noe ditoelis dina daloeang, kieu:

Tanggal 7 boelan Djanoeari, taoen *1628* doenoengan rek ngarendengankeun poetrana. Boeboehan geus ilahar, koedoe njamboengan. Geus meuli roeparoepa barang harga salapan likoer perakeun.

Pidoea tiloe poeeun deui nampa kabar ti doenoengan. Noeroetkeun rekenan andjeunna, oenggal tjoetak (moen ajeuna mah *Tjamat G.*) *koedoe* njoembang f 15,— ari patinggi-patinggi (moen ajeuna mah *Loerah G*) saoerangna f 5.

Harita keneh barang - barang noe harga salapan likoer perakeun di.e.lang. Oentoeng, boga bati f 14

Waroeng Tjina koe doenoengan dipentaan soembangan lawon sapoeloeh elo, tapi teu digoegoe.

. . . . . .

Toeh kitoe genning. Sararenang asana. Teu hararese rek hadjat, da boga wilajat. Ti opat Tjoetak geus f 60 pidoeiteunana, ti 40 Patinggi f 200.

Ari datang kana ondangan, mindeng diparak, tjeuk tjatetan.

Sakitoe tah . . . . . . teu eunleumeu.eum, njamboengan teh sasat opisil. Terlaloe.

**Gelenjoe.**

## Mulo di Tasik.

Sanadjan atjan djol bisloeitna, tapi beunang diseboetkeun, tangtoe djadina. Malah bestuur Pasoendan Tasik djeung Hoofdbestuur sasat geus ngamimitian tatan tatan keur ngaleunggeuhna engke dina boelan Juli

Ka oenggal-oenggal kapala sakola noe deukeut ka Tasik rek disoehoenkeun kateranganana, sabaraha-sabarahana moerid-moerid noe hajang ka Mulo Pasoendan. Saperti Ti Garoet, Koeningan djeung Tjiamis. Tasik mah poegoeh deui.

Ingetan ajana Mulo di Tasik siga keur baroedakna nja keur kolotna boedak, kaoentoengan noe gede pisan.

Keur kolotna saperkara *ongkos tangtoe leuwih irit* batan di Bandoeng atawa di Batawi, tjindekna batan di

*

## Tjoerat-tjaret.

*„Manoek disoempit Anonim"*

Koe lantaran *baheula* mah, noe dja di kapala (menak) teh pohara moerba wisesana, djeung noe djadi somah (tjatjah) katjida ditjoktjrokna. — da sagala kagoengan—nepi ka aja babasan „Menak manoek, tjatjah — tjatjing", babasan noe djaman kiwari mah geus *meh* teu aja, — hartina.

Geus „meh", sabab ari moesna pisan mah lain bae atjan, tapi kawasna . . . . . . moal bisa, tina henteu sakabeh djalma satoehoe kana kabadean. djeung kana kawadjiban, maloem hiroep kakoeroeng napsoe, nja di oenggal golongan oge moal sepi-sepi noe goreng, boh di kaom noe loehoer boektina Dalem Brebes sakoemaha tjaritaan soerat-soerat kabar, boh di noe handap.

Ajeuna geus djol *deui*—tanda jen ngan oekoer tepi kana *meh* tea—kadjadian di Sedati, bawahan Sidoardjo (Soerabaja).

Noeroetkeun tjaritaan dina soerat kabar djrg. Tjamat Sedati R. Pandji Sosrokoesoemo, lain bae geus „disehor", tapi perkarana geus dipariksa di Pangadilan Djoestisi, didawa:

I Geus narima semir ti Hadji Irban f 40 soepaja Hadji tea oelah meunang hoekoeman atawa enteng dihoekoemna doemeh geus ngadegkeun „ngadoe".

II, Geus nitahan Loerah soepaja bedilna H. Abdoelhamid koedoe didjoeal ka andjeunna f 50 (bedil repetir), moen teu kitoe eta bedil teroes dibeslahna.

III. Geus narima semir ti Pa Matra dji djeung Pa Moenawi, oerang desa Kawangsan, bawahan andjeunna, rea na f 50. soepaja kasalahanana (henteu ngaboekak tatangkalan noe ajana 2 M. ti sisi solokan irrigatie) oelah dilaporkeun ka noe djadi wadana.

Ieu djoeragan Tjamat bisa nepi ka diperkarakeunana teh, lain koe perdakwaanana somahan noe terang-terangan, tapi koe . . . . *anonim.*

Djelema noe geus meunang pangadjaran tjoekoep tangtoe moal daekeun ngabelaan kaperloeanana koe djalan noe hina kitoe.—Hina, sabab geus nembongkeun ka ngompodanana, teu bisa ngalarapkeun „berani karena benar, takoet karena salah."

Tapi keur si bodo, noe teu njaho, jen kawadjiban menak teh ngoeroes kaperloean somah . . . . keur si bodo noe teu njaho, jen ngadjalankeun bebeneran tara matak dihoekoem . . . . keur si bodo noe tuetoer koemoereb sinemoah toekang sadaja-daja, poerah njangga ririged noe aja di saloehoereun manehna . . . .; keur di bodo mah anomim teh een uitkomst: hidji djalan geusan ngoerangan kasoesahna geusan kelak ka noe saloehoereun doenoenganana.

Noe matak koering mah keukeuh, koedoe dibedakeun antara anonim djeung anonim. Ka noe sok njareboetkeun: „anonim² bae digoegoe" koering mah teu tjotjog. Oenggal anonim anoe anggap patali djeung kaperloean oemoem koedoe dipariksa, sabab ngan sakitoe-kitoena djalanna keur si bodo mah, da koe kabodoanana tea loba noe teu perloe dipikasieun tetep dipikasieunna.

Sanadjan njaho, jen noe dikawasakeun koe pamarentah koedoe ngabebelaan kaperloeanana, lain koedoe ngadjepit noe leutik, tapi paraudene kitoe moal waranieun, sieuneun koe *loeang.*

Saperti ajeuna hal djrg. Tjamat Sedati tea, ari tatjan disehor mah. teu aja noe wanieun ngakoe noe sabenerna. euweuh anoe daek njaritakeun sabalakana, lain doemeh karoenjaeun, tapi lantaran sieuneun, da eta teh djrg. Tjamat, gede kakawasaanana di katjamatan andjeunna, toeroeg rai Dalem pisan, Dalem Djombang. Mara nehna teh, noe leutik, njaho ari njahoна mah, jen wet tara ngabeda beda antara menak djeung tjatjah. beunghar djeung mararat, tapi dalah dikoe maha, da sigana wet teh eleh koe ka sieun koe pamalesna noe didawakeun.

Koemaha ari geus boekti dieureunkeun mah ,tina gawena hartina geus ditjokot kakawasaanana. nja teu boeroeng djoel djol katerangan.

Ieu teh salah, oelah kitoe benerna mah, koedoe wani terang - terangan tea tjenah geuning, moal dihoekoem noe bener mah. tapi praktijkna roepa roepana beda djeung keretas, matak nambahan lain ngoerangan kasoesah, gede. noe matak anonim teh koedoe dianggap „een noodzakelijk kwaad", kagoréngan noe kapaksa koedoe ajana.

Gawena noe palinter, soepaja ieu djalan lambat laoen djadi robah.

**Abah si Entjep.**

---

*

keta gede toer djaoeh; kadoea perkara moal hariwang teuing. Moal hariwang sieun titadjong; lain titadjong kana batoe, tapi kana gogoda rantjana. Maloem di kota gede tea.

Ari bararoedakna tangtoe diadjarna leuwih djongdjon moal loba teuing noe bakal ngabengbat.

Noeroetkeun napsoe boedak mah poegoeh oge bajang di kota rame, terkadang geus dilalamoen bae, tapi moal ngalamoen kana rek soehoedsoehoed diadjar mah, tapi meureun moen di Bandoeng atoeh Orion, Elita, maen bal djeung sadjabana.

Pertjaja tangtoe lobana noe ngirimkeun boedakna ka Tasik, sabab:

Ongkos irit,

boedakna moal kagembang teuing koe kaoelinan.

Mimiti noe rek diboeka, koe adjaman bestuur. doea kelas enol (voorklas), djeung hidji kelas hidji. Sepoeh moerid koedoe pohara nimbangnimbangna tina hal ieu, nja eta ongkos djeung pangadjaran baroedakna.

---

## „Sakola"

Kira-kira taoen 1879 waktoe koering boedak keneh, lamoen poetra menak mah meureun moerangkalih keneh atawa agan keneh, djaman harita mah noe agoeng katjida keukeuhna, soepaja boedak-boedak teh di sakolakeun sami bae sareng ajeuna miwarang ka oerang padesan, soepaja njakolakeun anakna ka klas II atawa ka sakola dessa, ngan baheula mah si kolot boedak teh doegi ka dikoengkoeng di Kawadanan, bari djeung di nasehatan soepaja soeka anakna di sakolakeun peupeuriheun oerang bodo atoeh soegan bae anak engke pinter, Sakola Radja oge prodio.

Kari-kari ari geus ngarti, geus karasa, kabehdieunakeun bet asa digoewang gawingkeun, toer pasihan ti pangagoeng teh boeroehan koemawoela sareng majar padjeg teh nja eta koe dipasihan sakola, tjing djaba ti sakola dipasihan naon deui? Eta dipasihan djalan Sepoer kitoeh? Ih eta mah meuli kartjis, balantik: eta dipasihan djalan diaspal kitoeh? Ih eta mah opsenten, bareto mah, Heerendienst, djaba ti sakola mah tjeuk koering dibeuli koe roepa-roepa padjeg, ngan sakola anoe welan-welan pasihan noe agoeng teh, kitoe noe karasa koe koering.

Tan kutjapa dipasihan H. I. S. kitoe oge tjeuk noe aroeninga tjenah eta sakola teh pikeun menak-menak sareng anak-anak somah noe ,baleunghar, malah kadjadian koering toemaros ka djoeragan pangoeroes sakola, wireh toea kampoeng ngider njatet njatetkeun saha tjenah noe baris njakolakeun boedak ka H. I. S. engke di Bandjar baris diajaan, kari pleng les bae, teu boekti boekti, sauggem koering djoeragan naon margina?

Dawoehan djoeragan pangoeroes sakola, kantenan koe koering oge di taroskeun ka pangoeroes pang loehoer loehoerna dawoehanana teu rek njadiakeun H. I. S. pikeun toekang soto.

Naha geuning kitoe djoeragan? Ih koemaha da aja angger anggerna atoeh, nadjan noe neken ratoes ratoes oge teu njoemponan kana rehiemenna nja eta pangasalinana kolot kolotna teu njoemponan (waloerat).

Atoeh koering teh mani ngagebeg. Sanggem koering, lamoen seg abdi bisa ngadeuheus ka pangoeroes sakola pang loehoer loehoerna lah lahan bae rek oeudjoekan, kieu geura „Tjenah H. I. S. teh pikeun menak menak djeung somah noe baleunghar, ajeuna koe koering rek ditjaritakeun beunghar djeung malarat.

Aeh eta beunghar koe dipake koemagoengan, padahal sipat manoesa tatjan poegoeh, beunghar tetep beungharna, miskin tetep miskinna lamoen tatjan paeh, geura mangga manah, taoen 1920 beunghar sagala aja na ari taoen 1922 bangkroet seep koe padjeg perang, taoen 1922 soegih na ari taoen 1923, kadoeroek ledis, djeung rea-rea deui tjontona, kitoe oge leubeung ari salamet, koemaha ari barang ledis djeung masoek boei oetang!

Tjing ari geus ledis geus bangkroet bisa njakolakeun anak?

Aing menak aing menak, sapertina bae, noe djadi Tjamat noe djadi djoeragan Wadana, bener ari keur djeneng djeung wiloedjeng mah tangtos laloeasa njakolakeun poetrana.

Koemaha lamoen dilepas, koemaha lamoen poepoes, tangtoe bisa njakolakeunana?? geuning geus aja tjontona, hidji Boepati poepoes kagoengan poetra di H. B. S. ditarik disakolakeun ka landbouw, tjing naon sababna? djeung koering remen pisan, papendak sareng sobat sobat koering noe asal boeboeroeh nanggoeng, nepi ka dagang sorangan ana 2, 3 taoen geus soegih djeung dagang roepa roepa toer tohaga.

„Raden djeung Somah" basa Raden bedjana njokot tina basa rah adi, ari rah = darah = toeroenan ari den = adi = aloes atawa wadjib djadi hartosna Raden teh, djalma toeroenan aloes atawa toeroenan djalma anoe njaho di kawadjiban hiroep, „tah ajeuna koemaha".

Oepamana bae, hidji Raden tapi djadi toekang tipoe, hidji Raden maling endog, naha noe geus kitoe dianggap bae darah aloes, toeroenan aloes di dieu katjida litjikna, sapertina tina somah diangkat. Mas tina mas diangkat Raden; tapi noe lakoe lampahna boesoek tara aja ontjlahan Raden?

Beuki angot lamoen ngemoetkeun kieu, djaman baheula kotjap dina Babad djawa, aja djenengan Ki Ageng Sela toeloej poepoetra Ki Enis, poepoetra deui Ki Pamanahan, ,ngadjadi Krageng Metaram, barang kagoengan poetra Pangeran Soetawidjaja nganggo gelaran Senapati ingalaga, nelah panembahan Senapati ladjeng palebah poetra poetoena kasebat. Kangdjeng Sinoewoen Pakoeboewono Senapati Ingalaga Abdoerachman Sajidina Panotogomo Halipatoellah toeh geuning nepi ka kitoe.

Ana kitoe sing horeng daradjat teh didjieun koe sorangan??

Ari kahojong teh sakola teh oelah make Standenschool atoeh keur sarerea bae sakoer abdina Kandjeng Gouvernement noe niat njakolakeun atoeh.

Ah eta ari anak noe koerang tjoekoepna mah karoenja ka boedak ana madjoe taja ongkos keur njakolakeun ka beh loehoer oepamana H. I. S. kana Mulo.

Lah tjeuk koering loba tjontona, saperti tamat sakola Radja, bapana teu bisa ngongkosan, aja noe rek moeloeng mantoe, keun diongkosan koe koering tapi engke oerang kawinkeun ka si njai nja bisa ka H. K. S.

Tamat sakola Mulo bapa mopo rek ka sakola menak teu bisa ngongkosan boga kabogoh djadi goeroe, kang teroeskeun bae kadjeun gadjih koering keur bajaran djeung ongkos ongkos teu boeroeng djadi djoeragan Tjamat, loba ongkos ana teu bageur mah, teu boeroeng djadi tjap rengkol.

Oepama koering djadi menak loehoer, sanadjan teu dibere sakola koe Goevernement kadjeun bisa njakolakeun ka nagri Walanda sorangan.

Oepama koering beunghar tjara toean Henrij Ford Amerika ngelehan maneh, kadjeun njakolakeun anak teh ka Duitschland da boga doeit, asal eta bae noe mariskin oeroeskeun koe Kdj. Gouvernement sing bisa njakolakeun anakna peupeuriheun dirina balangsak atoeh anak anakna bisa meunang kasenangan, da lamoen teu dioeroes koe Kdj Gouvernement koe saha atoeh? Nadjan toekang soto teekang sate oge, da kana padjeg mah tara aja noe moengpang.

Wasalam

**H. Proewito.**

---

## Pihatoer ka Pamarentah.

Sanadjan koering keur ngareureuhkeun tjape.— Verlef di ditoena mah —tina loba-loba masalah anoe matak djadi ,ngadjoewetkeun kana hate, bet henteu djongdjon, loba ,pisan anoe djadi gogoda. koe diangkeran tea. koe diasoeran tea, lahh . . . . geus roepa roepa, ana pek teh boetjoe batja dina kabar, loba pisan anoe matak djadi boeah pikiran, tina aksi . . . . mani pirang-pirang aksi, anoe karasana koe bangsa somah teu aja pisan matak djadi kamarasanana, anggoer mah ba kal ditoetoeh ditimpoeh.

Tjara eta, aksi I. E. V. tina perkara rek maroendoet hak ngabogaan tanah tjara oerang priboemi, mani koering mah sabatoer-batoer geus moeriang teu kawajaan ti ajeuna keneh.

Sok tada temen Marhaen katelertelerna.

Sok tada temen Marhaen soesah balangsakna.

Sok tada temen Marhaen kadoeng sang-doengsangna.

Sok tada temen Marhaen rara ma sakatna.

Sok tada temen Marhaen langlajeuheunana.

Sok tada temen Marhaen koeroe akingna.

Tjindekna „sok tada temen sagala" moeoek ka Marhaen, moal beunang koe oebar-aber.

Tjatjakan ajeuna oge, saat teu disoro koe I.E.V. ngan oekoer (?) koe kontrakan, bet geus seuseut alah batan neureuj keueus hiroepna teh. Ko mo engke mah.

Kapan ari I.E.V. ers mah sakitoe malangartina oge, teu aja kapetolanana. agama darigama aroeninga pisan. tina economiena sakitoe geus maradjoena, akalna atoeh tangginas alah batan peutjang, katoeroeg-toeroeg dina kasaoeran regeeringsgemachtigde oge asana. I E.V. ers mah bevoorrecht Anoe woedjoed bae, anoe 'koe oerang teu hese diteanganana, dina oeroesoeroesan boeroehan, moal samata mata aja schaal A—B djeung C. lamoen teu aja noe didjoengdjoeng mah. Da ari A mah geus poegoeh hantjenganana. njaeta Ki Haen, Atoeh dina sarsilah Klein landbouw make sok dipaparin namboet pimodaleunana bedjana.

Koemaha ari Ki Haen? Bet soema wonna njaho di akal tarekah, geusan reboet bener djeung I.E.V. ers, da noe 50 joeta teh NUL tea, h . . . . baoe oge, geus teu njaho ti mana djolna, anggoer paheula heula mengek iroeng batan ngonderzoek mah.

Tah sakitoe kabodo baliloeanana teh.

Ana pek koedoe sina pareboet djeung peutjang anoe sakitoe djalingbeurna, atoeh di mana rek kabageanana. Katoeroeg toeroeg moen koeja tea mah k o e j a b a t o k anoe geus katjida roemanggieungna, kasaatan teu boga hakan hakaneun!. Tjing dimana rek bogana divindend?!

Kadjaba ti kitoe kapan sarerea oge aroeninga, roepa roepa leden I.E.V. teh Kahidji toto (sapedah kagoengan poetra di dieu, djadi elid), kadoea aja noe iboe ramana toto. ngan sapedah dilahirkeun di dieu nja saat toto bae djeung katiloe anoe toelen Indona.

Positiena (kaagoenganana), atawa katjoekoepanana bagian noe kahidji djeung kadoea mah. geus lain loemajan, da majak anoe geus karagoengan Mr. Ir. Dr. djeung sadjabana.

Lamoen seug ajeuna koe salira pamarentah diidinan, tada temen tjiokona ngagaraleuhan sawah kebon, da loba oewang loba loewang tea.— Djadi Ki Haen mah djaba ti beakeun teh. bakal ripoeh koe gawena, da moal tjroek dipatjoel koe arandjeunna. atawa digarap koe njalira, nja toeng toengna oge ki Haen deui bae anoe ka tempoehan mang njawahkeun mah. Hasilna?? Doeka . . . . teuing.

Mending keneh meueusan moen di pelakan pare, koemaha lamoen tiwoe anoe awis tea!? Ampoen . . . Bendara . . ., moal aja toeloenganeunana

Eukeur ki Haen sakitoe lobana doenoengan ajeuna rek ditambah deui koe I.E.V.ers. atoeh geus moal sempet digawe keur maneh balas ngalakonan itoe tjokot, ieu bawa. Da taja petana anoe agoeng mah kersa prak koe andjeun, nja noe ragas, tea bae tangtoena oge.

Hatam . . . . . pibalangsakeunana teh!!!!

Pibahlaeun ki Haen noe pantar kieu, moega salira pamarentah waspada ti ajeuna sareng moega aja aranggiring pangadilan dina popodjokanana.

Dina Sip no. kamari ieu. redactie geus katjida pandjang lebarna ngadjoedjoet tina hal ieu.

Tjeuk koering sabatoer batoer ti kadjaoehan,: Enja, bener, leres, heueuh nja kitoe, estoe tjotjtjtjoggg . . . pissan.— Pek bae, sanadjan rek dipalaparin oge eta rechten teh teu aja halanganana, asal sagala rechten (hak) tea sing saroea pissan, sareboek samerang boeloe oelah aja bedana, Ketjap bevoorrecht tea koedoe leungitkeun sina moesna ti alam doenja. Teu panasaran ari kitoe mah.

I.E.V.ers miloe majar kikitir desa. ngemean sasak-sasak djeung djalandjalan dessa, roronda. oeroenan-oeroenan, ngalakonan toegoer, toendan, papag, djadjap, di noe sok dipilampah keneh koedoe miloe bareng djeung Ki Haen.

Dimana ti dajeuh atawa ti mana bae aja noe leleson ngadon boeboedjeng ka pagoenoengan koedoe beunang dititah ngasroek ka djero leuweung, ngagebah gebah, koedoe daek ngakeup atawa nanggoeng dimana aja tandjakan atawa peupeuntasan.

Lamoen dina koedoena njadiakeun soesoegoeh, oelah ngan nanggap, koedoe miloe njoembang njamboeng.

Dina lebah moepoeh moendaj nja kitoe keneh, oelah mentjalkeun maneh kena kena I.E.V.ers koedoe miloe antjroeb. nawoe, teuleum, ngabendoeng, tjara dina moro tea, atoeh lamoen perloe samemehna prak dipoeudaj dipelakan heula, tjara alam baheula, pek ,prak miloe melakan, oelah ngan rek ngadon nogog.

Mangga geura raraoskeun djadi Ki Haen teh!! Lamoen oenggah bale watangan, entong dibeda beda make Raad v. Justitie, biasa bae tjara Ki Haen, dipoetoes koe pangadilan saari ari. Dina keur dipariksana (vooronderzoek), da sok aja bedja tea mishandeling (disiksa), koedoe daek tjara Haen dipeupeuh diteunggeul atawa dinjenjeri (kadjeun kelakna pandeuri).

Diboeina, heesna, barang daharna, kerdja paksana koedoe pretjis tjara Ki Haen, digawe di djalan mekprekan batoe djeung sagala. Atoeran pangadilan oelah diroepa roepa.

Leider² I. E. V. lamoen aja noe bahoela ka nagara,njaloentang ka kdj. Besar, koedoe dibehandeld tjara leiders S. R. atawa P. S. I. djeung sabangsana, oelah meunang tjiatah. Geuning kamari ieu tjeuk Fazar Asia aja leider P. S. I. anoe disiksa koe hidji poelisi opsiner, ditjabokan, ditongtak dasina, diwiwirang, dinjenjeri, dibeledigd, toer dosana teu atjan aja, pilakadar njaba ka Blosa (asana) rek njiar kahiroepan. dagangana tjenah.

Koemaha kira kirana pantes Dessauvagie atawa De Hoog, oepama dikitoekeun?.

Mangga rantenan sing kantenan geura aja rrrraaaaoooossss!!.

Koering mah, djg. pamarentah, geus seuri koneng sarta atoh ti ajeuna. lamaen nepi kana waktoe ngasoepkeun sakola. Tada temen ramena noe menta asoep ka sakola Walanda bangsa Ki Haen, da geus saroea hakna tea, teu aja S i n j o h. teu aja t o e a n, teu aja anom, tapi poekoel rata Ki Haen kabeh. Djadi. koe sabab saroea tea hakna, adilna ngasoepkeun teh koedoe dilotre. Leuh resep temen laladjona. Bangsa koering mah ngareboe noe menta asoep teh ari candidaat I.E.V.ers mah ngan poeloeh doea—poeloeh tiloe.

Tjing saha kira kirana noe bakal loba meunang prijs (asoep)?

Lamoen tempatna geus beak, meureun noe teu asoep teh, arasoepna ka Sakola kl. II atawa sakola dessa. Loetjoe temen, si Hendrie si Dirk. si Hans djst. dioek sabangkoe bareng djeung si Tihoel, si Bontot, si Ganden, djeung sabatoerna, Lah, mani hajang geura kadjadian!!

Goekgok di djalan di pasampangan, meureun engke mah, moal njoeplak doedoekoej bari oenggak oenggeuk tjara oengkoet - oengkoet, meureun k o e n g-k a n g, l o e-l o, m o e n g-m a n g bae. Tjeuk koering teh: „Angkat ka mana aka Desapadji, emang Oomjan, aka „Sibereh dj. s. t., tjing bantoean matjoel!"

Loetjoe geura, djrg. Koewoe djeung poelisi dessa ,toetoendjoek, njesedek toean, lantaran teu ngawaro diparentah ngomean djalan atawa sasak, da taja petana meunang p e r e d a m p e r e d o m, atawa k o e w a k o e w e engke mah geus saroea hak tea, tangtoe saroea bae djeung Ki Haen. Aja noe lanjap tjampelak, da geus saroea tea, koe Ki Haen geus moal diantoʼah.

Djoeragan pamarentah teh henteu bodo, pirakoe sakoer noe diterangkeun di dieu, ketakna, taladjakna oerang priboemi, teu katoong, teu katingali koe andjeunna.

Kitoe deui, koering djeung sababaraha toeran katjida pertjajana, jen pamarentah moal datang ka t e u a d i l dina oeroes oeroesan ngolah nagarana, sarta katingali tangtoena oge koemaha pitahjaeunana ka sarerea, lamoen ngadoloes sakoemaha kersana I. E. V.

Geura bae, mangga raos raos, sakoemaha piteuadileunana, lamoen

A

## Ti Padoekoehan.

Tajohna mah nja, rasa kadjelemaan teh ari ajana mah aja di oenggal hoeloe oge, ngan aja noe kabokerkeun djeung noe masih kaboengkoeṣan, kaboelen koe kabodoan.

Tetela pangadjaran djeung loeang noe koedoe njipoeh kahadean. Koe sabab eta noeroetkeun pamanggih koering mah kawadjiban noe palinter ngelingan ka noe barodo. Soemawonna ka eta mah noe sok tara bisa ngabedakeun antara *perkara* djeung *djelema*.

Tjara noe geus kadjadian kamari ieu, doea tiloe minggoe ka toekang, waktoe aja otobes (autobus) tigoeling dibawahan Kawali. Harita aja doea otobes teh, pairing-iring. Barang noe tiheula tigoeling teh, ieu si noe pandeuri teu ambil poesing, teroes bae diliwat, malah bedjana mah make ditambah disoeroekan sagala. Sabab eta doea otobes teh moesoeh (concurrenten).

Tah ari kitoe, lain moesna kadjelemaanana?! Beneran mah konkoerensi tinggal konkoerensi, tapi ari dina lebah ieu mah djelema djelema noe tjilaka teu pipiloeeun. Naha mani nepi ka koedoe dianggap satroe kabeejoetan? Lakoening otobes tigoeling, nja sahanteuna bararendjoet mah koedoe.

Moega moega eta doea maskape noe konkoerensi, prakna ngadjalankeun moemoesoehanana oelah koe noe saroepa kitoe. Kapan loba deui djalan sedjen.

Moega moega eta doea maskape sing daek marentah ka soepir soepirna djeung persoenil noe sedjen. dimana aja katjilakaan moesoeh, tjara noe geus kadjadian, koedoeng ngdeungitkeun moemoesoehanana sarta diwadjibkeun koedoe noeloengan.

Djaba ti eta moegi noe ngageugeuh nagara tempatna katjilakaan, sapertos djrg. Tjamat atawa Wadana, mariksa djeung njieun proses perbal katjilakaan noe tjara kitoe oelah mertjajakeun ka oepas bae. Wajahna djengkar koe andjeun, sapinterna ge oepas! Mangkanag koedoe mariksa sagala roepa!

Lah edan ieu mah.

**Kontak.**

---

**A**

I. E. V. teh, nja bevoorrecht, nja dipaparin, hak boga tanah, ari hak oerang priboemi teu disaroeakeun djeung I. E. V.

Eta mah sok soemawonna anoe hideng, noe teu hideng oge, atawa boedak rodek hoeloe, geus moal n g a m p o e n deui, tangtoe njeboet „t e u a d i l n a." Mangga bae soeroep soeroep ka salira koe andjeun.

**Oca Nany.**

---

## THEOSOFIE.

NOE KAHARTI KOE KOERING.

Ketjap Theosofie, noe kakoeping koe sim koering mimiti, tina Ngaran Koempoelan, anoe maksadna „n g a b a n t o e Katerangan k a n o e b o g a Rasa Powekeun, enggoning menener djalan Toedjoean p i r b a d i n a, geusan Kamadjoean Djiwana."

Dipapantjenan: I koedoe wani nintjak Karapihan; II pamolah anoe teroes Rasa, asak s sar, tata titi doedoega djeung Perjogana (koletepu); ka III boga Fanasaran Ati, kana naon anoe tjek manehna Powek keneh.

Tjotjog henteuna, sareng anoe Ahli dika—Agamaan, teu langkoeng anoe Oeninga, ngan pikeun sim koering pirbadi, Soeka ngaelidan, nepi ka wani Neken.

Naon Modalna?

Taja sanes, moeng kapertjantenan Pirbadi (anoe sampakan), djadi hen teu merean Modal Anjar hartosna noe Islam Teroes pang Islamna, nepi ka Djadi, idem noe Hindoe, idem noe Karisten, saladjengna.

Aja soteh Pagagalanana, djalaran Koerang Tanaga bae, boh tanaga Waroega, boh tanaga Pikiran, oepikeun ka teu Bisa nampa Parentah Ati noe djadi panoengtoen kana Kamadjoean Djiwana tea.

Roepi roepi Pagagalan, katem hian, di sakoelibeng Djagat, teu aja Anehna ditjarioskeun pandjang pandjang sakadar perloena bae, pikeun Eunteung pikapajoeneun. Perloena mah, lebah kapepedanana. wadjib Ihtiar, tarekah koemaha bae, soegan teu koe Ieu, koe Ieu, teu laksana Ajeuna atoeh isoek, soegan, atawa pagetona, atawa djaga. Iraha bae, da gouning aja basa „milik tara pahili hili, bagdja teu paala ala: njoeroepkeun pangajoen indoeng, pangambing nini paradji:

oelah Metoe salah Dawoeh,
oelah Medal salah Mangsa,

Ari oerang, lain batoer, batoer lain oerang, teu samangsa, teu sadawoeh, da pada notok, samangsana² sada, woehna².

Mangsa naon?

Mangsa Medal, noe dimarhaba boelan Moeloed. Ari Moeloed, Moeloed Nabi;

Metoe kasabaranana
Metoe katawekalanana
Metoe karidoanana
Metoe . . . . (saladjengna)

Diperlambang koe boedjangga dika pantoenan, lampahna noe meunang Dawoeh Ratoena.

Metoe lawang, mandjing lawang,
Metoe ka lawang pingpitoe,
Medal ka lawang ping sanga,
dangdeung ka paseban ageung . . .

Noe saroepi kitoe teu kirang kirang, njaeta djalan pamoelak malikeun Pangadji Diri, tadahaneun anoe Boga Ati Soerti djeung Lantipna; geus tangtoena Todakan noe Lantip deui, lain Abrag Kasar na Pamolah.

Sok eta, oerang balik deui kana ketjap Theosofie; oepama dimanah pandjang meueusan metakeun djadjaten toelen, tangtoe ieu ieu oge Pada ngalahir kana Theosofie (sanes kempelan Theosofie!!) djalaran Theosofie teh, Goestining Elmoe. Aja Elmoe, tapi ieu mah, elmoe oge, Estoe Goetina. atawa Kanjaho anggoan Dika—Goestinu. Moen tjoeka tea mah, estoe bibit pangbibit bibitna toelen. Lebah dieu, moen di Soenda Adji Wiwitan. Moen saoer, estoe Saoer Andjeunna, noe di anggo; moen Dangoe, d a n g o e Andjeunna pisan, noe dianggo. Moen tingali nja Tingali andjeunna pisan, deuih, noe dianggo, teu Mertjajakeun ka Lianna deui, sabab Terang, noe Lian mah, l a i n p e r t j a j a e u n, Kaoeinan woengkoel; djadi sanes Asorkeuneun atawa Pidangkeuneun di na tengah Pakalangan Noe Saenjana noe katjatoer dina perlambang Bandoeng Tegal Loear; moen tjek pantoen Djabaning Langit. Atawa tjek Pamiradjan mah, Langit ka 8 (paling gihan Noe Maha Soetji). Noe saroepi kitoe, korehaneun noe hajangeun noe roet djaman djeung alamna.

Nja dirampid koe Koempoelan, bari Ngalap Berkah Ketjap, njempal lebah Katasaoepanana. noe daek Beber sih Ati. sabab rek ngadeuheus ka noe Maha Soetji. Fantrangna Paantel djeung Andjing, tegesna pamolahna anoe teroes djeung Ati, Gagag gogog ka Lian ti Manehna; atawa djeung bagong, nadjis, basana. (soesoengkoer ka boga batoer.)

Di lahirna, dihilian koe andjing, bagong, sato soekoe 4, minangka tjatetan ti Kahijangan, tjara oebar Poho, njanggreudkeun toengtoeng iket. Enjaenjana, sampeur sampeureun engkena dimana moen geus nepi kana Boga rikir resep ngaberesihan Ati Sorangan Samemehna mah Hade noendjoek Andjing noe biasa bae. Nepina nja bari keneh.

Samemehna mah. Hade bebersih koe TJAI anoe biasa bae Nepina nja bari keneh.

Samemehna mah, Hade njeboet Bener ka sakoer noe Kadeuleu, Kade nge make parabot Waroega noe biasa bae. Nepina nja bari keneh.

Da ari saenja enjana mah, kapan teu beunang ditoedoeh koe tjoeroek. teu beunang ditingal koe panon anoe biasa. Ana kitoe, enja enjana teu pati goena, oerang agoel teuing koe pangaweroeh, doemeh tjapetang bisa tjarita, Anging lamoenna Kaatik Koe Ati Soerti, nja bisa, Rahajoena djadi Tjonto batoer Sasamana.

Eta margina, anoe mawi „perkempelan Theosofi" sok aja anoe Nanding Nanding sareng pamolah Katasaoepan, pedah pedah kawit metel ti na oeroesan Kaberesihan ati, anoe di kalangkangan koe Beresih Badan.

Djadi oepami aja noe njehatkeun Theosofie, p a n i p o e a n, nja teu lepat-lepat teuing. Tapi lamoen sim koering njarita: Doenja teh, Soendana Bohong, lain noe Saenjana; bener soteh tjek Hoekoem Doenja deui, djadi noe Bohong, diseboet Bener koe noe Bohong. Noe matak Panoetan noe Saenjana mah, t a r a n g e l o l k a d o e n j a. Ditaroeding koe Oerang dieu: Goesti Allah, taja kakoerang, (Sana djan teu miloe Nampa).

Tah Pamake di dieu, dibawa ka di toe, kolotna kadalon-dalon.

**W. A.**
**Lid T. V.**

---

N. B.

Di Doenja mah, gawe teh ngan Silli Tipoe, silih dedetkeun djeung pada batoer; bapa Ngolo anak, anak ngabohong ka bapa, Si lalaki Ngolo awewe, awewe salingkoeh ka lalaki. Menak Ngolo somah, somah ngabohong ka menak. Dipindingan koe pangdjiga djiga: djiga njaah, djiga bener, djiga alim, njieun Piheueuh deungeun. Anging n o e e r a (lebareun) koe Adeganana Pribadi, noe Njembah Goestina Pirbadi Jang Maha Soetji.

---


DI TJARI satoe ORANG DJOEWAL (reiziger) boeat tawarken kita poenja barang obat sama toko toko di Priangan wetan (Oost Priangan).

Gadjihnja dan persenan dari djoealan pigi mana kepinteran.

Tida oesa tulis soerat atawa mampir kaloe tida ada soerat kapertjajaan dan certificaat jang baik betoel.

Toko Universeel-Agentschap
**Nic. Muller**
**Tasikmalaja.**

Pada Departement van Justitie akan ditempatkan seorang assistent ambtenaar bagi rechtsseering (gadjih dan aanstelling eischen menoeroet schaal A 24 kolom H dari B. B. L. 1925).

Soerat rekesan dengan afschrift getuigschriften dikendjoek kan kepada Toean Directeur van Justitie.

**Sakola Mulo „Pasoendan" di Tasikmalaja.**

Dina sasih Juli 1928 di Tasikmalaja bade diboeka sakola Mulo „sub-afd." koe pagoejoeban „Pasoendan".

Eta sakola bade ngajakeun dua voorklas sareng hidji klas hidji.

Sepoeh-sepoeh noe bade ngalebetkeun poetraun disoehoenkeun, kersa ngawartosan ti ajeuna ka Kapala H. I. S. Pasoendan Tasikmalaja.

**TEGEL FABRIEK**
**„NAJA"**
Goenoengtabeuleuh Tasikmalaja.
—o—
Sajagi roepi roepi tegel, betonbuizen (koeloewoeng) sareng beton roosters.

Pangaos sareng kakiatan di tanggel ngabingahkeun. Prijslijst sareng monster tiasa di poendoet gratis.

Noe ngadieng ngadjeng
**S. Najawilaga.**


**Ketoe Oedeng Makerij**
**HALIM**

**West Pasar straat 16 Bandoeng**

Salamina njajagikeun ketoe Oedeng model Bandoeng tina roepi-roepi batikan sapertos batik Tjiamis Solo Banjoemas s.s.t. ngawitan pangaos f 2.25 f 2.50 f 3,— f 3.50 f 5.— sareng saterasna noemoetkeun koemaha saena Oedeng bae. Sajagi oge ketoe Oedeng model wiron anoe nganggo diwiroe sareng endol ngawitan pangaos f 3.— f 3.50 f 4.— f 5.—

Tiasa nampi kengkenan ngadamel ketoe Oedeng.

1 Oedeng didamel 2 ketoe oedeng f 2.—
1 „ „ 1 „ „ f 1.25

Model wiron tambih dina 1 Ketoe Oedeng f 0.25 Sareng njajagikeun sindjang poleng geroesan kaloearan Bandjaran Bandoeng pangaos f 2.50 f 3.— f 3.50 sareng f 4.— mangga djoeragan-djoeragan geura njarobian sareng enggal njeratan ngangge. Adres anoe diloehoer ieu koelan.

Njajagikeun deui roepi-roepi batikan, noe sae noe kasarna roepi-roepi pangaos: Kemben, sindjang enz. wedalan Tjiamis, Tasik, Banjoemas, Djoenas enz.

**Schoenmakerij en Kleermakerij**
**„Malabar Mandar"**
Stationsweg 21 Tasikmalaja.

Tiasa nampi pesenan (kengkenan) ngadamel roepi-roepi raksoekan anggoeun pameget atanapi moerangkalih modelna tiasa noemoetkeun sakoemaha kapalaj, sareng disajagikeun roepi-roepi lawonna.

Oge njajagian slop slop, sendal-sendal spatoe-spatoe ketoe oedeng model Djawa sareng Soenda Kopeah boeloedroe noe kasar sareng noe sae.

Hoermatna noe ngantos pesenan poen
**O. Sasmita.**

N. B.
Toedoeng Panama

| | |
|---|---|
| noe didamel tina palm | f 8,— |
| „ „ „ djaksi | f 2,50 |
| strobin (pamoelasna) | f 0,25 |

**TOKO KHOUW SIAUW SENG**
**(TOKO BENG)**
**Tasikmalaja**
Tel. No. 2.

Djaman Ramadioean, kitoe deui ajeuna pikeun ngeutengkeun kana perdjalanan, disajagikeun Autobus anoe brangkat ti

Tasikmalaja ± djam 5 endjing noe mios ka Cheribon.
„ „ „ 11 siang noe mios ka Cheribon
ti Cheribon ka Tasikmalaja
± djam 5 endjing mios ka Tasikmalaja
± „ 11 siang „ „ „
ti Tasikmalaja ka Garoet
Tasikmalaja ± djam 7 endjing dongkap ka Garoet djam 10
Garoet ± djam 1 siang dongkap ka Tasikmalaja djam 4
ti Tasikmalaja ka Karangnoenggal
± djam 6 mios ka Karangnoenggal
± „ 9 „ „ „
± „ 1 „ „ „
ti Karangnoenggal ka Tasikmalaja
± djam 6 endjing mios ka Tasikmalaja
± „ 9 „ „ „ „
± „ 1 siang „ „ „

Sadaja autobus brangkatna ti paloeneun toko BENG.

**INGENIEURS en ARCHITECTEN BUREAU**
**Ir. Soekarno en Ir. Anwari.**
Regentsweg 8, Bandoeng.

Nampi sadaja kanten padamelan anoe nganggo projekten pikeun sadajakanten adegan, kajaning imah—fabriek—goedang—masigit—djambatan sareng sadjabina ti eta, ti noe PANG ALITNA doegi ka noe PANG AGEUNGNA.

**Toko Boekoe**
**WEBER**
DJALAN STATION № 12. TELF. № 13.

**Boekoe-boekoe pengadjaran bahasa Belanda**

| | |
|---|---|
| Belanda-Melajoe 1 djilid tamat, noe geus kasohor | f 1,50 |
| Walanda-Soenda 3 „ „ „ „ à | f 0,75 |

**Cursus Basa Walanda Pikeun oerang Soenda f 0,75**

Pikeun Cursus sareng Sakola-kenging potongan 15%

**KOSTHUIS.**
**Nji Rd. Retnasari Seladarma**
TASIKMALAJA.

Ngoeping wartos ti djoeragan-djoeragan Goeroe kasenseueuranana moerid moerid noe tarebih ti kota, noe ka sakolana dideugdeug kana kareta api atanapi kareta mesin, di sakolana sok kirang madjeng, djalaran seueur waktos kanggo diadjar noe kapitjeun. Sadjabina ti eta koemargi miosna sok endjing-endjing pisan, dongkapna ka sakola teh sok noendoetan teu aja pisan napsoe kana diadjar. Komo anoe kana kareta mesin mah sadjabina ti ngirangan kana kasehatan teh, dongkapna ka sakola teh tangtosna oge loeoet leet koe kesang, dimana tiasana aja napsoe kana diadjar? Sim koering ngaraos hawatos ka noe djadi sepoeh-sepoehna noe tisoeksroek tidoengdoeng palaj ngamadjengkeun poetrana.

Koemargi eta sim koering tiasa nampi moerid-moerid anoe kasebat tadi tea. Tempatna, tedana, ngariksana pangadjaran, sareng kasehatanana tangtos njoekakeun ka noe djadi sepoehna.

Perkawis ongkos sae badanten heula, koe serat atanapi soemping ka rorompok noe disebat di loehoer.

# PANEMBRONG

## Dangdanggoela.

1. Oelak-ilik mikir bari ngoelik,
ditaloengtik bari dikotektak,
noe gede leutik ditetek,
balatak pagalitoek,
djalma anoe garcreng milik,
milikna ngan sakoelak,
beunang delak-deloek,
sangsara moal katoelak,
lamoen masih rea anoe djadi tjoelik,
ngaroeksak noe balangsak.

2. Poentar-poentir keukeuh djadi pikir,
koe panjinglar henteu bisa ledjar,
disongler teu daek paler,
hiroep dioekoer batoer,
kawas pakir anoe moesapir,
dipapaj koe panalar,
geuning matak lapoer,
mapan geus djadi ilahar,
djiga asih tapi saenjana djalir,
da aja noe dipalar.

3. Hoelang-hoeleng mingkin kapiëling,
koematjatjang koe rea kamelang,
da bongan geuning mareleng,
henteu rioeng moengpoeloeng,
hajoe atoeh geura ngalingling,
oelan pisan kapalang,
moen euja rek noeloeng,
moen teu disoendang ditalang,
matak sedih pikir bati selang-seling,
tega henteu dilanglang,

4. Adoeh tobat horeng bagdja diri,
ripoeh pisan ngarasakeun lara,
raga taja noe malire,
rangkebong djadi koeroe,
meh teu aja pisan noe kari,
ditembrong koe noe ngoembara,
noe ngaharoe biroe,
ngan bati matak sangsara,
sahenteuna poegoeh oge matak njeri,
sedih katambah era.

5. Sedih peurih noe noengtoen pribatin,
njeri hate asa didoedoetan,
taja noe geten toelaten,
melengoek djeung gegetoen,
kasangsara lahir djeung batin,
tambah awoet-awoetan,
moen taja noe noengtoen,
ngotjeak djeung sasambatan,
geura toeloeng itoe rea noe geus boetin,
noe taja kakoeatan.

S.

## Koeli kontrak.

Noeroetkeun Bt. Handelsblad tanggal 12 boelan ieu, aja obrolan Aneta djeung President plantersvereeniging Sumatra toean Buffart, kira-kira kieu kasaoeranana:

Dina atoeran koeli ajeuna, kontrakan koedoe mangnjieunkeun imah ka koeli-koeli anoe geus koerenan, sarta anoe geus 5 tahoen digarawena.

Hal ieu katjida njoesahkeunana ka kontrak kontrak, sabab hese pisan milampahna. Dina letah dieu boh goeperuemen boh Volksraad teu ngingetkeun djeung mikirkeun karoegianana.

Saperkara koe ongkosna, geus diitoeng itoeng moal koerang ti 16 joetaeun. Kadoea bahauna, ti mana ngadatangkeunana, lantaran tempat hara haraeun pisan. Katiloe pitempateunana, dimana, da geus pinoeh koe pepelakan, kapan imah imah teh koedoe deukeut kana tempat digawena. Ari koedoe ngaroeksak popelakan mah, atoeh sabaraha ngaroegikeunana.

Toeh . . . . . kitoe geuning ari dina seuhseuhanana mah. Ana dipikir-pikir, bet hajang kana gawena woengkoel, ari dibere tandjakan koedoe ngoeroes hiroepna mah, bet henteu soehoed tjara ngawerelana. Toer padahal lamoen koeli koelina ngeunah genah sarta boemetah, tangtoe tambah tambah soemoedjoedna kana gawe, sarta ngatogaan tjinta ka doenoenganana. Lain matak tengtrem di sanah di sinih?!

Ari ieu kakara oge koe papantjen sakitoe, bezwaren mani dikoroendjoan, loba ongkosna, hese bahanna, euweuh tempatna sagala. Demi koe andjeun teu kararaos. Geuning di nagarana mah teu bisa ngebon bako oeploek aplak, atawa ngaret mangreboe reboe baoe, dari koe maksoed mah, teu boeroeng manggih noe hedjo lembok; nja di tanah oerang boektina. Betasa koe loeas njarita teh. Djadjaoeheun kana hideng koe maneh, moelang tarima ka djelema-djelema, anoe mere bati sakitoe gedena, dititah oge koe pamarentah, mako koetoek gendeng. Roepana poho bae kana bati noe diaringkoedan ka lemboerna.

Ari kitoe mah atoeh, ngan ripoeh oerang ngeunah di ditoe woengkoel, teu aja sili eledanana. Kaoentoengan hajang gembleng oelah katjotjeng keur ngoeroes noe koeli koeli atjan, bet teu hajang lambat lamboet. Naha ari boedjang koe saha rek dioeruesna, ari lain koe doenoenganana. Sapedah eta . . . . geus dibere bedeng? Na koemaha anoe hiroepna geus baraunahan, reuaj anak intjoena, sina pasedoek sedek bae di bedeng? Aboug deui! Bet koe loeas asana teh. Ari koe andjeun itjikiboeng dina sawarga minangkana, ari noe maudi kesaug hese hees hees atjan.

Oerang oge, lain menta koedoe dinengne nengne, dimoeljakeun, lain, lain kitoe, ngan menta soepaja mereuah, hiroepna sina tjara djelema, oelah tjara hajam disaparandjekeun.

Geura mangga bae maranahan, lamoen arandjeunna teu kagoengan noe karoeli, meureun moal boga kaoentoengan noe sakitoe lobana, da teu aja noe migawena. Tapi ari pikeun oerang mah, lamoen teu aja andjeunna, beuki senang, da tanah diolahkeun koe maneh, teu aja noe njoro. Eta tjenah teu aja modalna.

His gampang eta mah, dimana geus barareunta oge, ujiai akal koe maneh.

Koemaha ajeuna mah; lamoen oerang geus beunta, b e a k b o e n g, seepeun.

Oca Nany.

## Mutatie.

Benoem wadana Anjer M. Soepardi al. Sastrasoedirdja wadana Djatiwangi; kana wadana Paloembon R. Tjokroadiwidjaja wadana kota Tjirebon; kana wadana Ardjawinangoen R. Soetidjo Moektisangkojo wadana Mester.

Benoem Secretaris Regentschap Bogor R. Nataprawira wadana Paroeng, kana wadana Paroeng R. Soedipoetra Tjamat Priangan wetan.

## Almenak P.B.S.T.

Hatoer noehoen Adm. Sip. parantos nampi Almenak boelanan ti H. B. P. B S. P. di Bandoeng.

## Walcran serat-serat.

Djr. Lg. No. 635 Paroengkoeda. Ari parantos ngintoen mah sawios, dina boekoena dilereskeun.

Djr. Lg. 472 Pameungpeuk. Boekoena parantos dilereskeun. Djr. teu noenggak.

—o—

Djr. Lg. no 890 Takokah postw. ping 2/12 '27 katampi noehoen. Postwissel formulier kamari anggoeun kwartaal I. 1928.

Djr. Lg. No. 301 Tjisajong. Noehoen artos f 3,— katampi. Lebet kw, III IV '27.

## Volkscredietbank Tasikmalaja 25 taoen.

Dina malem Ahad tanggal 14 boelan ieu, Bank Tasikmalaja geus ngajakeun ramean, pesta panginget nginget ngadegna Bank geus 25 taoen.

Dina waktoe Kangdjeng Dalem biantara, oerang bisa ngadengekeun sadjarahna eta bank. Saenjana oemoerna oepama diitoeng tina barang mimiti diajakeun mah geus 30 taoen. Doea poeloeh lima taoen soteh diitoeng ti satampana rechtspersoonlijkheid.

Ari ngamimitianana pohara laipna. Minangka noe djadi modal teh tjengtjelengan prijaji bae, dipotong tina gadjihna. Noe ngarindjeumna nja bangsa prijaji keneh, paling gede f 50. Kabehdieunakeun oge koe bangsa toekang dagang djeung tani.

Koe ramana Kangdjeng Dalem, djrg. Wirasondjaja harita Mantri Goeroe Sakola Klas I, dipapantjenan koedoe ngoeroes eta bank, saboebarna sakola.

Njekel pangkat Thesaurier, Administrateur, gadjih f 10. Dibantoe koe djrg. kanidatna, djrg. Mangoendimadja. Oepama diingetkeun dina taoen 1903 modalna ngan aja kira-kira f 1000, ari seug ajeuna noe digolangkeun geus aja malioenan, nja pohara madjoena.

Koe Kangdjeng Dalem disebatkeun jen koe ajana bank teh karahardjaan rahajat tambah tambah. Tjatjak oepama didjentrekeun koe angka, geus sabarahaeun.

Andjeunna nja saperti prijaji B. B. nja kalawan asmana somahan, hatoer noehoen kana djasana noe djadi bestuur.

Djaba ti Kangdjeng Dalem noe njararios: djrg Altmann administrateur Bank, djrg. Wirasondjaja, djrg. Ahmad Atmadja djeung Kangdjeng Resident, Voorzitter bestuur Bank.

## Diboeboesoek.

Djenenganana djrg. Hoh. Hoesni Thamrin dina soerat kabar Walanda geus dialoengkeun ka djarian. Disang ka madjar ngadjoeal ngaran gemeente Batawi andjeunna teh wethouder— waktoe djoeal meuli.

Kieu tjaritana:

Gemeente Batawi koedoe ngarakrak pasar di Tanah Abang, diganti koe noe anjar. Eta pagaweun dipasrahkeun ka Holl. Beton Maatschappij Samemehna didjangdjikeun, lamoen anemerna teu perloe make oeroet oeroet adegan tea (afbraak) Gemeente daek meuli. Barang adegan adegan pasar geus diroeag aja pagawe gemeente, njeboetkeun djrg. Hoesni Thamrin,. Wethouder, rek meuli oeroet-oeroet tea keur goena Volkshuisvesting. Atoeh koe Holl. Bet. Mij teh, sanadjan perloe oge keur manehanana, dipasrahkeun bae, sarta harganana henteu leuwih sapeser tina ongkos-ongkos ngaroeag. Barang malem Ahad poekoel satengah sapoeloeh djrg. Hoesni Thamrin majar harganana barang f 1200 koe tjek (chèque) ti andjeunna pribadi, lain ti gemeente. Atoeh salah saoerang kapala maskape tea djol bae boga sangkaan ditoondo (list). Poegoeh-poegoeh keur djrg. Thamrin, ari tadi diseboet keur gemeente. . . . .

Tah kitoe!

Keur noe wawoeh djeung djrg. Thamrin, tangtoe oedjoeg - oedjoeg boga pikiran *pamohalan*. Teu bisa djadi pantar andjeunna kabogana, kapinteranana nepi ka rek neangan redjeki koe djalan kitoe.

Kateh dieunakeun aja deui kabar ti Aneta, noe njaritakeun:

Samboengeun.

## Kabar dagang.

BATAWI

| | Dit. | Naw. | Lak. |
|---|---|---|---|
| *Kopi* Palembang | | | |
| Robusta | — | — | f $57\frac{1}{4}$ |
| *Pedes* hideung. | — | — | f $139\frac{1}{4}$ |
| *Pedes* bodas | — | f 207 | — |
| Karet *Crêpes* | f $1.05\frac{1}{2}$ | f $1.06\frac{1}{2}$ | — |
| *Sheets* | f 1,06 | f 1.07 | — |
| *Minjak sereh* | — | f 1.80 nom. | |

Soerabaja.

*Goela* No. 1 dit ti f 15 nepi ka $15\frac{3}{8}$ per 100 K.G. naw. $15\frac{1}{8}$ „ „ $15\frac{1}{4}$ No. 2 d. $15\frac{3}{4}$ n. 14.
*Karet. Sheets* 1.05 nom.
Crepes f 1,05 nom.

# K A B A R

(Tina s. k. sanes)

Dina autobus N. I. A. O. ti Batawi noe djadi Conducteurna bangsa Walanda awewe, makena papakean padvinder awewe.

—o—

Poerstelan ngarobah toeslag expres.

| Djaoehna | Kl. I. | Kl. II. | Kl. III. |
|---|---|---|---|
| 1— 60 K.M. | f 1.— | f 0.50 | f 0,25 |
| 61—100 K.M. | f 1,50 | f 0,75 | f 0,50 |
| 101—150 K.M. | f 2,— | f 1.25 | f 1,— |
| 151—200 K.M. | f 2,50 | f 2,25 | f 2.— |
| 200 K.M. leuwih | f 2,50 | f 2,50 | f 2,50 |

—o—

Tarip S. S. antara Soerabaja-Bangil Malang ditoeroenkeun 20%.

—o—

R. Doerjat Kamil dibenoem djadi Inspecteur Inlandsche Burgerlijken Stand (pikeun bangsa Priboemi).

—o—

Pagawe pagawe Goeperemen di Tjirebon rekes soepaja Standplaatstoelage di Tjirebon oelah ditjaboet.

—o—

Diajakeun koemisi pikeun ngarobah atoeran hoekoeman di Hindia. Noe rek dihantja koe koemisi ngabidjikeun atoeran hoekoeman bangsa Priboemi djeung bangsa sedjen-sedjen deui djeung rea-rea deui.

Noe djadi Voorzitter eta koemisi Mr. G. Vink Rector Rechtshooge school Batawi, Secretaris Mr. Jonkman lid Volksraad.

—o—

Tahoen 1930 bakal aja Volkstelling (ngitoeng tjatjah djiwa). Noe djadi Secretaris Dr. W. Brokx.

—o—

Perdagangan teh Roeslan di Tiongkok kiwari sedjana rek dipindahkeun ka poelo Djawa atawa Borneo, lantaran agen-ageuna koedoe njingkah ti Tiongkok.

—o—

Aja atoeran pikeun mere pitoeloeng ka djelema noe ngadjoeroe koe Vroedvrouw Goeperemen, teu koedoe majar, oepama noe ditoeloenganana tea pangasilanana koerang tina f 25 dina saboelan sarta salakina digawe di Goeperemen.

—o—

Di Kweekschool pikeun bangsa Tiong Hwa moal diadjarkeun bangsa Tionghwa Mandarijn, tapi ngan rek diadjarkeun Cultuur Tionghwa bae.

—o—

Bangsa Tionghwa noe geus maradjoe rek ngadegkeun pagoejoeban Studieclub.

—o—

Trotsky oeroet Leider partij koemunis di Roeslan ajeuna meunang pagaweau.

—o—

Koe lantaran katimbang perloe di Opleidingsschool voor Inl. ambtenaren di Bandoeng rek diadjarkeun basa Djawa.

—o—


SARENG HORMAT!

Hatoer oeninga rehing Pasoendan tjabang Bandoeng, parantos ngaloearkeun saroepi boekoe:

„Elmoening Kabangsaän"

Di banding koe rasa ka-Soendaan sareng di papaes koe pirang-pirang goegoeritan.

Tina kasaeanana eta boekoe manawi teu kedah dipoedji deui. Soegri noe mikatjinta kana kabangsaan sareng lemah tjai, soemawonten para djoeragan Nationalisten mah, teu kinten perloena oeninga kana eusina eta boekoe.

Soepados kaoeninga kana kamangpaatanana pangaosna oge dihadja dimirahkeun pisan moeng f 0.60, djabi ongkos ngintoen.

Kanggo bantjangeun deui oepami artos ti pajoen baris di hatoeranan korting 20 pCt, oepami djalan Commissie moeng 10 pCt.

Pamoei doet itjalkeuneun deui mah, sakirang-kirangna kedah 10 boekoe.

Pasoendan Bandoeng
Regentsweg No. 24



Toko ROEKANTA Lengkong
Tasikmalaja.

Sajagi roepi-roepi kaperloean sadidinten.

Sajagi boekoe pangadjaran sakola sapertos voorlooper B. f 0.55
Van vier kinderen I f 0.60
„ „ „ II „ 0.60

Sareng 4 kareta mesin tweedehand masing-masing pangaos mirah, tjetna nembe kenging ngagentos, sae saroemping koe andjeun tingalian barangna.

Hoermatna noe ngantos² poen
Roekanta.



TOKO
Universeel Agentschap
NIC MULLER
Goenoengladoe 15 Telepon No. 26
TASIKMALAJA.

Nembe nampi Verbandtrommel (tempat oebar kaperloean sadidinten).

Perloe keur sadaja djelema noe tebih ti doktor.

Katjida perloena keur sadiaan di bale desa soepaja sadaja djelema bisa dioebaran oepama potong, raheut, rograg, baraleuh, njeri beuteung, njeri panon katjida atawa dipatjok oraj.

Dina ieu verbandtrommel sadia sagala roepa oebar kaperloean sapopoë.

Tjobi soemping ka Toko atanapi njeratan engke diterangkeun sagala roepina eta verbandtrommel.

Noe ngadjeng-ngadjeng
NIC MULLER.

N. B.,
Di toko kenging moendoet prijscourant teu kedah majar.



Preanger Chemicalien Handel
Telefoon No. 76.

Selamanja sedia roepa-roepa obat patent dan lain lainnja, Minoeman, Seroetoe, Sigaret, Katjamata, Cutex, Boncills, dan pekakas potret.



Toko KHOUW SIAUW SENG
(Toko BENG).
Tasikmalaja Telefoon No. 7.

Sajagi Kareta Mesin Simplex sareng sanes-sanes Merk Europa, Band-band Auto Merk Goodrich, Michelin, Goodyear, Dunlop, sakalian sareng parabot pikeun Auto (onderdeelen).

Sajagi roepa-roepa glas (loemoer) saperti Beureum, hedjo, blao, koneng kolot, bodas sareng nganggo strip roepa-roepa, aja deui anoe nganggo leter monogram koe aer mas, sae pisan pikeun soepenier.

Sareng roepa-roepa keler (stopflesch) anoe marodel, roepa-roepa lampoe batre, anoe parantos kasohor kakoewatanana, dina waktoe ajeuna keur rame pisan anoe ngarangga bedil angin (windbuks) pikeun plesiran, nja eta keur bladjar nembak atawa keur manoek, badjing, tjareuh, ganggarangan anoe sok ngaroeksak kana pipiaraan, heulang, kalong, sareng sadjabi ti eta sato sato anoe ngaroeksak, tangtos tiasa kenging koe B. S. A. tea

Lantaran teu nganggo vergunning, noe mawi di sajagikeun njondong 2 roepi anoe kaliber $5\frac{1}{2}$ sareng $4\frac{1}{2}$, nja eta merk B. S. A. anoe mashoer kakiatanana sareng saena, pelorna sajagi tjoekoep, sadjabi ti eta, sajagi roepi roepi Eetservies (stelan piring makan) anoe pikeun 6 djalmi (noe 12 djalmi), sareng roepa roepa djam (lotjeng) Wesminster, erlodji anoe sarae, peso silet peso tjoekoer goenting mesin anoe parantes mashoer kasaeanana, njondong roepi roepi oekoeran filter (saringan tjai) pikeun ngadjagi kawarasan, atawa kasehatan.



Nembe medal:

| | | |
|---|---|---|
| Goegoeritan pangadjaran ngadangding | | f 0.07 |
| Kalepatan poetra, dosana iboe rama | | f 0.50 |
| Rasiah koesir | I | f 0.30 |
| „ „ | II | f 0.45 |
| Neng Hajaoi | | f 0.50 |

Nampi padamelan tjitakan boekoe-boekoe.

Toko en Drukkerij
„PASOENDAN"
Tasikmalaja.



BANDOENGSCHE - COIFFEUR.
Tjikoedapateuh t/o Passar Kosambi No. 210
BANDOENG.

Saniskanten pangatoeran noemoetkeun kasopanan (modern) padamelan ditanggel moal aja tjawadeunana.
Mangga enggal njobian!

TARIEF

| | | |
|---|---|---|
| Haarknipen | (ngagoenting ramboet) | F 0.50 |
| idem | (moerangkalih) | „ 0.35 |
| Scheeren | (diparas) | „ 0.25 |
| Haarwasschen | (dikoeramas) | „ 0.25 |
| Frixion | | „ 0.25 |
| Slijpen | | „ 0.50 |

Noe ngadjeng-ngadjeng
OEDIT
Eigenaar